A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark



ЖУМЫРБАЙ
ҚАЙЫРБАЕВ

# СЕН КИМНИҢ ҚЫЗЫСАҢ?

ЖУМЫРБАЙ ҚАЙЫРБАЕВ



# СЕН КИМНИҢ ҚЫЗЫСАҢ?

(*Киши мектеп жасындағы балаларға арналған*)

ALINDI-2010

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1996

74.2
Қ. 26

**Ж. Қайырбаев. Сен кимниң қызысаң?**
*Гүрриңлер, жумбақлар, қосықлар, ертеклер.*
Нөкис: „Қарақалпақстан“ 1996, 36 бет.

Қарақалпақстанға мийнети сиңген муғаллим, профессор Ж. Қайырбаев институтта муғаллим болып ислеў менен бир қатарда балалар ушын жумбақ, қосықлар да жазады. Оның бир неше балаларға арналған жумбақлар топламы шықты.

Қолыңыздағы топламға жазыўшының соңғы жылларда жазған гүрриң, қосық, ертек ҳәм жумбақлары киргизилген. Шығарма тили жеңил, балаларға түсиникли етип жазылған.

№ 4793

К $\frac{4702270201-322}{М-357(04)-96}$ —37—96

ISBN—5—8272—1626—7

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1996

## СЕН КИМНИҢ ҚЫЗЫСАҢ?

(*гүрриң*)

Темир жол вокзалы. Вокзал күтип алыўшылар менен шығарып салыўшыларға толы. Соның арасында пассажир поезди келип тоқтады.

Самеке де вагонынан түсип вокзалға кирди. Кирсе қапының жанында бир қыз жылап тур екен. Самеке оның қасына келип:

—Сен кимниң қызысаң?—деп сорады. Қыз боз-боран болып жылап, дурыслы жуўап бере алмады. Самеке вокзалдың радиоузелине кирип, радио арқалы „Ким үш жасар қызын жойытты? Излеген адам вокзалдың алдына келсин“ деп хабарлады. Қызды қолынан услап, вокзалдың алдына шықты.

Поезд жүриў сигналын берип, әсте-ақырын қозғала баслады. Усы мәҳәли бир ҳаялдың жуўырып киятырғаны көринди. Самеке қызды қолына көтерип, солай қарай жуўырды. Ол қызды ҳаялдың қолына услатты да, жүрип баратырған поездға секирип минди. Кишкене қызға қолын бир былғады да, вагонға кирип кетти.

Қызының табылғанына қуўанған ҳаял жигиттиң ким екенлигин сорамағанына, оған рахмет айтып үлгере алмағанына қатты өкинди.

## ҚЫЗҒАНШАҚ

(*гүрриң*)

Өтепке ағасы суп-сулыў кишкене велосипед әкелип берди. Өтеп велосипедин минип көшеге шықты. Велосипедке ҳәўеси келген балалар оған мингиси келип, Өтептен жалынып сорады. Бирақ Өтеп велосипедим „жаман болып қалады“ деп бермеди. Балалар өкпелеп кетип қалды. Өтеп бир өзи әри ойнады, бери ойнады. Ойынның ҳеш қызығы болмады. Қараса майдан да балалар футбол ойнап атыр екен. Қасларына барды. Аз ғана турды да, кейин бул да соларға қосылып, футбол ойнап кетти.

Велосипеди ийесиз, жалғыз далада қалып қойды. Оған ҳеш ким қарамады. Балалардың бар дыққаты футболда еди.

95190

## НАННЫҢ УСАҒЫ.

(*гүрриң*)

Атамурат нанын жеп болды да, орнынан асығыс турып кетти. Отырған орнында нанның усақлары шашылып қалып қойды. Ол оған онша итибар бермей, жуўырып баратыр еди, бир ғарры:

—Ҳаў, балам, нанның усағын шашып кеттиң ғой, обалынан қорыққпайсаң ба? Биз усы нан ушын жуўырып жүрмиз ғой.—деди. Оған да қайырылғысы келмеп еди. Ғарры тағы да:

—Балам, мынаң қара, сениң таслап кеткен нанның усағын қумырысқалар сүйреп илеўине алып баратыр, ал шымшықлар шоқып жеп атыр.

Атамурат қараса, ырасында да қумырысқалар келип, бир-бир нанның усағын тислеп алып баратыр, ал шымшықлар нанның усағына таласып шоқып жеп атыр.

—Ҳей, балам, ушқан қус, жуўырған аң тамақ ушын, дегенди билесең бе? Әнекей, сен қәдирине жетпеген нанның усағын қумырысқалар менен шымшықлар қәдирлеп жеп атыр, солар қурақым да ақылың болмады-аў, шырағым,—деди де ғарры төмен еңкейип, нанның усағын терип, оларды маңлайына тийгизип, адам аяғы баспайтуғын жоқарырақ бир жерге алып қоя баслады. Атамурат бул исине қатты уялып, өзи де ғаррыға қосылып, нанның усақларын теристи ҳәм ғаррыға:

—Кеширерсиз, ата, мен билмей қалыппан,—деди зорға, еки бети қызарып.

## ПЫШЫҚТЫҢ БАЛАСЫ.

—Апа, апа деймен-аў, мен тағы бир пышық таўып әкелдим,—деди Сара қапыдан кирген бойы.

—Сара, қарағым-аў, пышықтың саған не кереги бар. Оннан басқа да еки пышығың бар ғой. Апарып тасла алған жериңе,—деди апасы иренжип.

—Яқ, апа, апармайман, ол жаққа. Ол жерде Ерлан менен Ержан жүрипти. Олар бул пышықтың баласын тағы азаплайды. Жаңа мен мектептен киятырсам, Ерлан менен Ержан усы пышықтың баласының мойнына жип тағып сүйреп жүр. Ол мияўлап кейин тартады, жулқынады. Олар оны алға сүйрейди. Дым кишкене пышық екен, аяп кеттим. Жуўырып бардым да, пышықты қолларынан тартып жулып алдым.

—Бағайық та, апа? Келисе қойса, апа—деп Сара апасының мойнынан қушақлады. —Пышығыма сүт берши? Аш болған шығар?

Апасы қызының бул сөзине қарсылық ете алмады. Қайтама, оны қызының меҳри толы жүрегине қандай да бир дақ түсирип алдым ба, деген сезим бийлеп кетти.

Ол:

—Мейли, болса, болсын. Сүт ана табақта тур. Өзиң кесеге қуйып бере ғой қызым,—деди де ишке жайға кирип кетти.



## ЖАУЫН ЖАЎҒАНДА

Азанда апасы Муратқа:

—Балам, плащыңды кий. Күн қатты жаўып тур,—деди. Мурат плащын кийип, далаға шықты. Күн қуйып тур. Жер тайғақ. Бир мәҳәли Мурат тайып жығылды. Плащы ылай-ылай болып қалды. Не ислеў керек? Мектепке барайын десе, үсти-басы ылай-ылай. Плащы қатты былғанып қалған. Бармайын десе оқыўынан қалып қояды. Қараса жолда қоңсы үйдиң қызы Зернегүл зонтигин көтерип киятыр екен. Ол Мураттың қасына келип, оның албырап турғанын көрип:

—Мурат, плащыңды шеш те бизиң үйге апарып тасла. Қайтарсын аларсаң. Ҳәзир бизиң зонтиктиң астында екеўимиз мектепке бирге барамыз,—деди, Зернегүл Муратқа қарап. Мурат қуўанып кетти. Дәрриў плащын шешти де, Зернегүлдиң үйине апарып таслады. Екеўи зонтикти басына көтерип, қол усласып мектепке қарай кетти.

## ЖАҚСЫЛЫҚТЫҢ ҮЛКЕН-КИШИСИ БОЛМАЙДЫ

Нуржан, Байжан мектептен қайтты. Бүгин сабақларынан екеўи де „Бес" алды, сонлықтан екеўи де кеўилли. Оларға жолдағы шөплер де, үстилеринен ушып өткен шымшықлар да сүйсинип қарағандай сезиледи. Тосаттан жол шетинде бир нәрсе маңырағандай болды. Олар дөгерекке қарады. Ҳеш нәрсе көринбеди.

—Байжан, бир нәрсе маңырағандай болды ма?

—Аўа, маған да еситилди.

—Онда кел излейик.

—Қойшы, Нуржан, кете берейик.

—Яқ, Байжан, қарайық. Мүмкин анасынан адасып қалған ылақ, ямаса қозы шығар?

—Нуржан, мен кете берейин. Кешиксем, апам урысады,—деди де Байжан кетип қалды.

Нуржан ақбаслықтың арасын қарап жүрсе де, ҳеш нәрсе көзине түспеди. Бир мәҳәли жақын жерден тағы ҳәлсиз маңыраған сес еситилди. Нуржан сестиң өзи турған жердиң арқа бетинен шыққанлығын байқады. Солай қарай жүрди. Үлкен бир түп шеңгелдиң төменирегинен бир гөне қуйының сүлдери көринди. Қуйыға келип қараса, бир қара қозы тырмасып шыға алмай атыр. Өзи де күтә ҳәлсиреген. Нуржан жуўырып келди де, қозыны қуйыдан шығарып алды. Қозы Нуржанға рахмет айтқандай жаўдыраған көзи менен бетине қарады, қолын жалады.

Нуржан қозыны айнытпай таныды. Бул аўыл шетиндеги Зәрип атаның қозысы екен. Нуржан қозыны қушақлап. Зәрип атаға апарып берди. Ол Нуржанға шын кеўилден рахмет айтты...

Сабақ өтилип атыр. Муғаллим таза теманы балаларға түсиндирип атырғанда есик қағылды. Келген Зәрип ата екен. Муғаллим:

—Сәлем бердик, ата. Не жумыс?—деп сорады. Зәрип ата:



—Аман саў жүрсизлер ме, балаларым,—деп оқыўшылар бетке [illegible] қарады да, муғаллимге:—Бери келиңиз, қызым,—деди. Муғаллим З[illegible] атаның қасына барды.

—Сизге ҳәм сизиң оқыўшыларыңызға, әсиресе Нуржан деген ба[illegible] шын кеўилден рахмет айтайын деп келдим, шырағым. Көсегеңиз көг[illegible] син, кәсибиңизден кәмал табыңыз, узақ жасаңызлар, балаларым. Саба[illegible] бөлгениме кеширерсизлер, енди кетемен,—деди де Зәрип ата кейин ж[illegible] рип кетти. Бул сөзге муғаллим де, оқыўшылар да аң-таң болып қал[illegible] Не ушын деп, муғаллим де Зәрип атадан сораўға үлгермей қалды. Муғ[illegible] лим сораўлы пишинде Нуржанның бетине карады, оқыўшылар да не б[illegible] ғанын билгиси келип, Нуржан бетке қарасты.

Нуржан не десин. Уялғанынан ба, ямаса қуўанғанынан ба, ким би[illegible] син, қызарып кетти. Мен сөйтип едим, деп мақтаныў да қолайсыз. Өзин[illegible] кешеги ислеген исиниң усындай нәтийже беретуғынын ол ойлап па, сир[illegible] ти. Әттегене-әй, мен де бирге қарасыўым керек екен, „жақсылықтың у[illegible] кен-кишиси болмайды екен ғой өзи"—деген ойлар оның мийин жеди.

## ТОП ҲӘМ ШАР.

(*ертек*)

Шар қашып жүрген топты көрип:

—Топ жора, сени ҳәмме тебеди. Ҳеш ким аямайды. Өзиңнен де бар Биреў жақынласа қашқың келеди де турады.

—Ҳей жора, териң калың ғой. Ҳеш гәп болмас. Мына бизлерди айт. Ҳәмме ҳүрметлейди. үплейди, қолына алып жүреди. Сонлықтан да бизлер нәзикпиз. Ҳеш ким урмайды,—деп мақтанды.

Топ:

—Басқалар урса урсын, тепсе, тепсин. Мениң жумысымның өзи сол ғой. Сендей байлаўлы турғанша, еркин жүргеним жақсы, еркин жүрсем, еркин гезсем, ҳәмме нәрсени көремен, тепкен сайын, урған сайын, шыныға ман. Сендей ҳеш нәрсе ислемей, қолда жүргенше, илә нәзик болғанша, тынбай жуўырып, тынбай секирип, шыдамлы болып, шынық қаным мың есе артық. Оған оншелли өкинбеймен де,—депти.

Сол ўақытта шар топтың бул сөзине қатты күлген екен, жуқа қарны шыдамай жарылып қалыпты.

## ӨРМЕКШИ ҲӘМ НАЎҚАН ҚУРТ

(*ертек*)

Қуўыста турған өрмекши наўқан қуртқа адамлардың тут жапырақларын әкелип жайып таслап, оны тойдырып жүргенлигин көрип, ишинен қызғанып:

—Ҳәй, наўқан курт, сени соншама неге әлпешлей береди?

Жейтуғын жапырақларыңды әкелип, жасайтуғын жайыңды сазлайды. Мен де сен сыяқлы жип шығараман ғой, бирақ мениң жибимди ҳеш ким

алмайды, қайтама гезлессе, үзип қурған өрмегимди, торымды бузып алып таслайды. Мағаң тамақ бермек түўе, көрсе қуўып шығады, дәри сеўип өлтирип таслайды, неге олай? Мен ҳайранман.

Наўқан қурт:

—Сениң жибиңниң ҳеш кимге кереги жоқ. Ал мениң жибим жипек болады, ҳаял-қызлар соннан көйлек тигип кийеди, сонлықтан мени ҳәмме ҳүрметлейди, және мен сен сыяқлы қысы-жазы мәниссиз көп жип шығара бермеймен ғой. Тек ғана бир рет бәҳәр айында жип дөретемен. Соннан болар жибимниң ҳасыллығы.

—Бирақ сен жип дөретемен деп өлип қаласаң ғой.

—Аўа, ол дурыс. Мен өлемен. Бирақ халыққа хызмет етип өлиў—ҳәмме нәрседен зыят. Сен сыяқлы қуўыс-қолтыққа жасырынып ҳеш кимге керексиз жип дөретип, көп жасағанша, елге байлық ҳасыл жип дөретип, өлген мың есе артық емес пе? Сонлықтан да адамлар мени қәдирлеп, сақлайды, асырайды. Мен оған керисинше, ҳүрметине сай жипек жип дөретип, өзимди соған қурбан етемен. Өмир сүриў бул мәниссиз узақ жасаў емес, ал халыққа, ел-журтқа хызмет қылыў, пайда келтириў. Халыққа хызмет етип пайда келтирсең, ҳәтте сол ушын жаныңды берсең, халық сени мудамы ҳүрметлейди, қәдир-қымбатың мудамы халық алдында арта түседи, усыны умытпа, өрмекши жора.

Өрмекши және бир нәрсе демекши еди, усы гезде қапы ашылып адамлар таза тут жапырақларын әкелди. Өрмекши қорқып кетип, кейин шегинди де, дийўалдың жарығына кирип кетти.

## ТАМЫР МЕНЕН ЖАПЫРАҚ

(*ертек*)

Жапырақ мақтанып:

—Мен гөззалман. Мени ҳәмме көреди. Мен ҳәммени көремен. Қуяш бетимнен сүйеди. Самал денемди сыйпалайды. Жаўынға жуўынып, шыққа малынаман, ҳеш жумыс ислемеймен, өзимди күтемен. Ал сенше, мудамы жер астында жатасаң. Сениң жақтыға бир шыққаныңды көрмедим ҳеш. Мудамы тынбай ислейсен де, жатасаң. Соншама өле берип не бар. Жумыс, жумыс деп бир күни өлгениңди билмейде қаласаң ғой, тамыр,—деди. Тамыр жумысын тоқтатпай жер астынан оған:

—Аўа, жапырақ, дурыс айтасаң, мени ҳеш ким көрмейди, мен ҳеш кимди көрмеймен. Ал ҳақыйқатында, сениң өмириң мениң қолымда ғой. Мен шықсам, дем алсам кеўип қаламан ба? —деп қорқаман.

—Ой, қорқақ сол да сөз болып па, өмириң де бир шықсаң о жақты дүньяға, жумысты бир майдан қойғанда бәле келер дейсең бе саған. Екеўимиз бир ҳәзлесип сөйлесейик те.

—Яқшы, жора. Аўырыўыңа шыдасаң мың жаса деген, сен шыдасаң мен шыдайман ғой. Қәне мен де бир жақты дүньяны көрейинши, қараңғы жер астына тығыла бермей,—депти де тамыр, шарта басын жер астынан суўырып алып, қуяшқа қарапты. Бурын қуяштың жарық нурын көрмеген сорлы көзи қамасып кебе баслапты. Жапыраққа қараса ол да мыллыйып сөйлеўге ҳалы жоқ, тула бойы бүрисип мыржым-тыржым болып, бар гөззаллықтан айрылып қалыпты.

—Ох, жапырақ, сениң сөзиңе еремен деп мен өлим ҳалындаман, сен болсаң өлейин деп атырсаң. Усындай орынсыз ақыл бергенше, бурынғыша жасай берген де бизлерге бәле бар ма еди—депти тамыр соңғы демин қалғанша сыбырлап.

Усылайынша, жапырақтың „ақылын" алған тамыр бар тиришилик тиққары жер анадан қол үзип кеўип қалса, жапырақ та, көп узамай қуўрап, самал менен ушып кетипти.

Ҳәрким өз ақылы менен жасап, басқалардың берген ақылына сын көзи менен қараў кереклигин тамыр қайдан билсин.

---

## ЖУМБАҚЛАР

Қабат-қабат қатланған,
Ишинде билим сақланған.

(*китап*)

Ыссыға шыдайды,
Суўыққа шыдайды.
Сәл зат тийсе шытнап,
Турған жерде қулайды.

(*әйнек*)

Дөңгелексиз арбаны,
Туўылғанда минесең,
Тербеледи, жүрмейди,
Буны не деп билесең?

(*бесик*)

Өзинде бар еки бармақ.
Жоллары бар еки тармақ.
Усы арқалы лампочкалар
Бирде сөнип, бирде жанбақ.

(*розетка*)

Кнопкасын басқан сайын,
Колын силтеп турады.
Ҳәр қолында бир ҳәрип,
Соның менен урады.
Ҳәрибиниң изи бар,
Қурастырған сөзи бар.

(*жазыў машинкасы*)



Ал, тетиги муртында.

(*Лампочка*)

Бир қарын қампыйған,
Бассаң жымпыйған.

(*көпшик*)

Базарға саўып келдим,
Керегимди алып келдим.

(*ақша*)

Аўзын беккем торлайды,
Бир қараўыл қорғайды.

(*сәдеп жай ҳәм сәдеп*)

Оты бар, күйеси бар,
Күли жоқ, ийиси бар.

(*газ*)

Керек гезде шыңғыр етип,
Сөйлесиўге шақырады.
Аржағынан биреў саған,
Бир нәрсе айгып бақырады.

(*телефон*)

Бетинде еки сабағы,
Артында үлкен қабағы,
Жиңишке мойын таманы,
Қолға алса маманы.
Салады түрли наманы

(*Дуўтар*)

Төрт жигит тик тур,
Үстинде жүк тур.

(*стол*)

Бир китаптың бетлерин,
Ҳәр күн сайын жыртады.
Жыл бойына барлығын,
Жырта-жырта куртады.

(*календарь*)

Машина дейсең, түрине қарап,
Адамдай дейсең, исине қарап.

(*робот*)

Жалғыз моншақ таққаным,
Темир қалпақ қаққаным.

(*қоңыраў*)

Тениз, көлден нәр алған,
Қара булттан жаралған,
Көшпели булт арқалы,
Ҳәмме жерге таралған.

(*жаўын, қар*)

Тынбай айдар қаныңды,
Сөйтип сақлар жаныңды.

(*жүрек*)

Қулағын тартсаң барып қайтады,
Тетигин бассаң, қосық айтады.

(*гармонь*)

Гүлден көйлек кийеди,
Гүлди жаны сүйеди.

(*гүбелек*)

Барсаң оған аўырып,
Шығасаң оннан саўығып.

(*емлеўхана*)

Буўын-буўын иши бар,
Үй жылытар күши бар.

(*жылытыў батареясы*)

Айналдыра дөгерек,
Атмосфера қысады.
Тиришиликтиң тийкары
Күнди айналып ушады.

(*жер*)

Қысы—жазы жүзеди.
Жалғызсырап турғандай,
Жерге көзин сүзеди.

(*ай*)

Аяғы таяқтай,
Бети табақтай,
Балалары мап-майда,
Шыпырлаған шабақтай.

(*Айғабағар*)

Бесеўимиз, биргемиз,
Жақын иргемиз.

(*бес бармақ*)

Еситеди, айтпайды,
Өзинше тил қатпайды.
Басқалар жатса да,
Олар жатпайды.

(*қулақ*)

Төрт дөңгелек, бир қарын,
Билмеймен нени қуўып жүр,
Жылағанда көз жасы,
Асфальт жолды жуўып жүр.

(*суў сепкиш машина*)

Қолында еки қулағым,
Усламаса қуладым,
Жүрмейди еки аяғым,
Қозғамаса аяғын.

(*велосипед*)

Көрсетеди, айта алмайды,
Кейин қарай қайта алмайды.
Бетиндеги турған санды,
Шыр айналып қайталайды.

(*саат*)

Балаларын жыяды,
Еңкейип суў қуяды.

(*кесе-шайнек*)

Түр-түсине қарап-ек,
Тап мысалы әребек.
Керек гезде илдирип,
Қапыға оны урады,
Ҳеш кимди үйге киргизбей,
Аўзын тас қып турады.

(*қулып*)

Сырты қара, аласы бар,
Ишинде көп баласы бар.
Ети қызыл, суўы татлы,
Жегенге ҳәз, мазасы бар.

(*ғарбыз*)

Мени ҳәмме сүйген,
Дастурханға үйген.
Ким келсе де ең дәслеп,
Меннен аўыз тийген,
Меннен аўыз тиймей,
Шыға алмайды үйден.

(*нан*)

Бети көринбес қылдан,
Еринбей жумыс қылған,
Қолыма оны алып,
Үстимди тазалап турман.

(*щетка*)

Қарамай көздиң жасыңа,
Салдым оны асыма.

(*пияз*)

Қабат-қабат шапаны көп,
Шапанының барлығы көк.
Ҳеш бириниң түймеси жоқ

(*капуста*)

Баслары бултқа тийген,
Қардан бөрек кийген,
Ең дәслеп қуяш нуры,
Усының бетин сүйген.

(*таў*)

Суўдан алады,
Суўға салады.
Онысыз тамақ,
Дәмсиз болады.

(*дуз*)



Қысы-жазы өзгериўди билмейди,
Көк көйлегин аўмастырып киймейди.
Жаңа жылда қолдан-қолға тиймейди,
Әкелмесең өзи үйге кирмейди.

*(ёлка)*

Ығы-жығы көп адам,
Бир үйден кирип-шығады.
Күни менен изленип,
Тапқанын үйге тығады.

*(қумырысқалар)*

Атызда жатып семирген,
Балалар писпей кемирген

*(қыяр)*

Қоңыр баслы баламыз,
Бир жайда дем аламыз.
Рухсат етсе анамыз,
Жарқ етемиз, жанамыз.

*(шырпы)*

Темир қалпақ басында,
Ай балтасы қасында,
Астында жүйрик пырағы,
Болмасын деп турады,
От-жалынның ылаңы.

*(өрт өшириўши)*

Түсинбесең де тилин,
Унатасаң үнин.
Болмайды тек қыста,
Келер ушып ыссыда.

*(бүлбил)*

Сатып та ала алмайсаң,
Қайтып та ала алмайсаң.

*(ўақыт)*

Жүрсең бирге жүрмейди,
Усласаң қолың илмейди.

Бетинде қанша жүрсең де,
Ҳарыдың деўди билмейди.

*(жол)*

Дурыс қоллансаң,
Досың.
Бурыс қоллансаң,
Душпаның.

*(тил)*

Төңкерип қос табақты,
Бир батырды қамапты.
Қол-аяғы шығып атыр,
Ол қандай батыр?

*(тасбақа)*

Бир әсбап бар тили көп,
Тилине сай үни көп.
Тилин бассаң, қосық айтар,
Намаға сап, қосып айтар.

*(пианино)*

Жети жаста киресең,
Ҳәрип үйренип жүресең.
Он жыл бойы қатынап,
Не тилесең билесең.

*(мектеп)*

Тас-торпаққа аўзын басар,
Шуқыр қазып, канал жасар.

*(экскаватор)*

Бармағы көп, жез тырнақ,
Киятыр, әне, жер тырнап.

*(тырма)*

Сырты аппақ қабық.
Ҳәмме жери жабық.

*(мәйек)*

Kitap №
95190
Нөкис қалалық орайлық ... китапханасы
Китап бериў ... тарқатыў бөлими
№ 4193

Жаўын менен табысып,
Ийленип атыр қарысып.
Шыға қойсаң көшеге.
Былш-былш етер жабысып.

(*балшық, ылай*)

Тутты жақсы көреди,
Жапырағына өреди.
Мезгили менен тойғызсаң,
Ҳасыл жипек береди.

(*пилле*)

Сыңқ-сыңқ күлип булағы,
Күлимлеп жыллы шуўағы,
Жерге жапты көк көрпе,
Бул қай мәўсим болады?

(*бәҳәр*)

Күнде азанда келеди,
Жаңалық хабар береди.
Дүньяда не боп жатқанын,
Ҳәмме оқып биледи.

(*газета*)

Жүзиклерин кийип алдым,
Керек затты қыйып алдым.

(*қайшы*)

Қараны ағартады,
Ақты қарайтады.
Усылар қандай нәрсе?
Қәне, ким айтады?

(*пор ҳәм ручка*)

Қуўыстағы өрмеги,
Күни-түни ермеги.
Асылады, түседи,
Тап мысалы турниги.

(*өрмекши*)

Табаны жалпақ,
Турғанда лаплап,
Жыйрықты жазып,
Кетеди таплап.

(*утюг*)

Жазы бойы баққан, қаққан,
Писеринде түйме таққан.
Түймелери аўзын ашса,
Ақ мамықтан теңге шашқан.

(*пахта*)

Шыққан үйиңнен,
Төбеңнен ийилген.
Теңиздей тып-тынық,
Көгерип көринген.
Гейде булт басып,
Қабағы үйилген.

(*аспан*)

Қос дөңгелек айланып,
Бирин-бири тартады.
Шубатылған лентасы,
Тартса қосық айтады.

(*магнитофон*)

Күш алып суўдан,
Кир-патасты қуўған,
Аппақ етип жуўған,

(*сабын*)

Қызық кино, концертти,
Үйде турып көрсетти.

(*телевизор*)

Қанатын керип ушса да,
Жыймайды я қақпайды.
Ушқанда мурты зырылдап,
Айналып тыным таппайды.

(*самолёт*)

Келгенлер кол береди,
Қол берсе, жол береди.

(*қапы*)

Найзасын түйреп жүр,
Қуйрығын сүйреп жүр.

(*ийне*)

Қып-қызыл дәне,
Қоржынға тықтым.
Суўын ишерде,
Сыртынан сықтым.

(*әнар*)

Атызда жатар гелледей
Оратылған сәлледей.

(*асқабақ*)

Шықпаса үним,
Шықпайды күниң,
Деп отыр биреў,
Ким екен билиң?

(*қораз*)

Жегенин езер
Мап-майда қумдай.
Төгилер аўзынан,
Шайнаса тынбай.

(*дигирман*)

Анасы жетекте,
Баласы кетекте.

(*ручка*)

Бир атымның үстинен,
Бәрҳа ери түспейди.
Қанша шаўып жүрсе де,
Жемейди я ишпейди.

(*велосипед*)

Кете ғойса тикленип,
Қуйрығы жумыс ислейди.
Дем алса еки бүкленип
Қуйрығын өзи тислейди.

(*шаққы*)

Өзи тыныш жатады,
Қарасаң тил қатады.
Кирип кеткен ишине,
Түрли қызыққа батады.

(*китап*)

Қолына алып әўел бастан,
Ҳәр бир адам саўат ашқан.
Оны үйренген шайырлар да,
Көркем сөзден дүрлер шашқан.

(*әлипбе*)

## ЛИНГВИСТИКАЛЫҚ ЖУМБАҚЛАР

Болмаса да көзи,
Гирттәй болса да өзи
Иркиледи тек соған
Гәптиң соңғы сөзи.

(*точка*)

Өзине қуйрық илдирер,
Питпеген гәпти билдирер.

(*үтир*)

Өзиниң еки көзи бар,
Соңында айтар сөзи бар.

(*қос точка*)

Гәп соңында орақ тур,
Билмеймен нени сорап тур?

(*сораў белгиси*)

Буйырса биреў ямаса,
Көтерилип сөйлесе,
Қақайып тикке турады,
Гәп соңында көбинесе.

(*үндеў белгиси*)

Питпеген ойды,
Айтпай-ақ қойды.

(*көп точка*)

Таза ойды баслайды,
Алдынан орын таслайды.

(*авзац*)

Питпеген сөздиң бөлегин
Басқа жолға өткерер
Дурыс айтсаң, буўынлап,
Сонда дурыс жеткерер.

(*өткерме*)

Адам аты, жер аты,
Жазылады өзинде.
Қолланады тағы оны
Гәптиң басқа сөзинде.

(*бас ҳәрип*)

Қосымша айырып
Бир сөзден бөлип алады.
Ең тийкарғы сол сөздиң
Түп мәниси қалады.

(*түбир сөз*)

Оны қосса сөзге,
Мәни шығар өзге.

(*суффикс*)

Еки сөзден турамыз,
Бир мәнисти қурамыз.

(*бириккен сөз*)

Мудамына екеўи,
Қол усласып келеди.
Екеўиниң арасын,
Кишкене сызық бөледи.

(*жуп сөз*)

Бас ҳәриплер биригип,
Бир сөз болды киригип.
Ҳәр ҳәрипте мәни бар,
Булар қандай сөз екен,
Ойландағы билип ал?

(*қысқарған сөз*)

Түрли-түрли түримиз,
Ҳәр шақаптан сөзимиз,
Аўмастырып қолланар,
Мәнилеспиз өзимиз.

(*синоним*)

Семиз болса, арық бар,
Қараңғы болса, жарық бар.
Бул сөзлердиң өзгеше
Мәнисинде парық бар.

(*антоним*)

Ҳаўа шығар мурыннан
Усы сести айтқанда,
Гезлесседе көп сөзде
Киятырған бурыннан
Сөз соңында орны бар.
Н дан артық мурны бар.

(*ң*)

Гейде ҳәрип, гейде сөз,
Қайсы ҳәрип, айтың тез?

(*я*)

Қолланады турмыста
Дүньяның ҳәр адамы.
Усы арқалы сөйлесип
Пикирлесер мудамы.

(*тил*)

Илимдеги белгили
Түсиниклер атағы.
Көп мәнили болмайды,
Басқа сөзлер қатары.
Бир мәниде жумсалар
Бундай сөзлер топары.

(*термин сөзлер*)

Айтылғанда бир тутас,
Турысы менен ақыллымыз.
Үйретемиз даналық
Атаңдай саған жақынбыз.
Тоқсан сөздиң түйини,
Тилдеги, сап алтынбыз.

(*нақыл-мақаллар*)

Алфавит пенен сап дүзеп,
Избе-из қатар келеди.
Мәнислерин сөзлердиң
Түсиндирип береди.

(*сөзлик*)

Гәп ишинде бир сөзди
Түсиндирип беремен.
Түсиндирген сөзлерди
Басқалардан бөлемен.
Жаңа туўған айдай боп
Еки жағында келемен.

(*скобка*)

## МЕН ЕМЕС

Жуўылмаған бет-аўзы
Сарғайып кеткен тислери.
Мойнына ҳеш алмайды,
Болса да жаман ислери.
Ол „ким?“ десе, айтары:
—Мен емес, ол мен емес!

Урлап жейди алманы
Кешеди батпақ салманы.
Кийимлери жоқ сирә,
Сатпақтан саў қалғаны.
„Ол ким“?—десе айтары:
—Мен емес, ол мен емес!

Өзинен киши баланы
Тиймесе де урады.
Қызларға тили пәкидей
Бурымын тартып турады.
„Ол ким“? —десе, айтары:
—Мен емес, ол мен емес!

Сөзиниң салты „Мен емес“,
Ҳеш ўақытта „мен“ демес.
Уқсап кетсе, ислериң,
„Мен емес“ деў жөн емес.

Шынын айтса тайсалмай,
Кемшилигин жөнлесе,
Ол да қараң, балалар,
Батырлықтан кем емес.

## ӘДЕПЛИ ЖАС ӘЎЛАДПЫЗ

Үлкенлерди сыйлаймыз,
Кишилерди урмаймыз.
Орынсыз ойнап кетпеймиз,
Тәртипсизлик етпеймиз.

Жалқаў атын алмаймыз,
Сабақлардан қалмаймыз,
„Төрт“ пенен „бес“ аламыз,
Мудамы жақсы боламыз.

Жаман истен аўлақпыз,
Жақсы иске саўлатпыз,
Себеби биз ҳақыйқый
Әдепли жас әўладпыз.



## ПАЙҒАЗЫ

Апасы кийим әперсе,
Кийип алар Алғазы,
Сорамаққа жууырар
Қоңсылардан пайғазы.

Усы әдетиң дым жаман
Деймиз сениң Алғазы.
Кийсең болды бир кийим,
Сорайсаң сен пайғазы.

## АНА

Ана, бала еки сөз,
Бир-бирине уласқан,
Бала ананың жемиси,
Өмирине жарасқан.

Барлық ана дүньяда
Сөйлесе де ҳәр тилде,
Түсинеди бир-бирин
Бала деген бир тилде.

Бала ананың үмити,
Келешеги, тилеги,
Бала-ананың мудамы
Тынбай соққан жүреги.

Ана күши таўсылмас
Тасқан жигер булағы,
Себеби ол дүньяға
Өмир себер мудамы.

## МУРАТ ҲӘМ СҮЎРЕТ

Сүўретли китап алыпты,
Ағасы кеше Муратқа,
Бәринде Мурат умытты,
Дыққаты аўып китапқа.

Түрли сүўрет әжайып,
Биринен-бири өтеди,
Мине, летчик, матрос,
Өзине тартып кетеди.

Мине тағы бир сүўрет,
Қорқыныш ойнап көзинде,
Қашқан қоян, түлки бар,
Оны қуўған изинде,

Ағасына сол замат,
Келди тезден жууырып,
Ашыўы сыймай сол замат,
Сөйледи зорға буўлығып:

—Мынаң қара аға сен,
Түлки уятсыз, жейин деп,
Қоянды қуўып киятыр.
Үш адым-ақ кейинлеп.

Аға неге қуўады,
Соншелли оны, неге олай?
Тегине жүрсе болмай ма,
Қоянда оның неси бар?

—Жете алмайды коянға,
Коян жүйрик жәниўар,
—Жоқ, услайды көрдиң бе?
Түлки жеўге дым қумар.

Қоянды былай қояман;
Сүўретти бүклей баслады:
—Ал услай ғой енди деп,
Түлкини бөлип таслады...

## БАРСАМ ҲӘРРЕ УРАДЫ

Кишкене қыз жылап тур,
Апасы келип сорап тур!
—Ким тийди саған, жыла ма?
Урған бала тура ма?

—Ҳәрре урды, ашып тур,
Урған әне қашып тур;
Күлди апасы, деди оған:
—Шақпайды ҳәрре қурыдан-қур,

Я жақынлап жүргенсең"?

Көрсетсең ҳәрре уясын,
Тигилип қарап турады,
Дейди: „Оған бармайман,
Барсам, ҳәрре урады".

## ЖАСЫРЫНБАК ОЙНАЙЫҚ

Булт артынан шығады,
Булт артына киреди.
Жарқ-журқ етип алтын күн,
Мырс-мырс етип күледи.

Бултлар көшип дембе-дем,
Бир орында турмайды,
Бултлар менен алтын күн,
Жасырынбақ ойнайды.

Зеригеди бир өзи
Ойын керек оған да.
Келши, күним ойнайық,
Гезек берши маған да.

## КИМ ТҮРТКЕН?

Биреў түртип мурнымнан,
Атып турдым орнымнан,
Ҳеш ким де жоқ қасымда,
Турып кеткен досым да.

Билдим, билдим, күн түрткен,
Нуры түсип әйнектен,
„Ким болсаң да тур" деген,
„Жата берме кур" деген.

Уялып күнге қарадым,
Кеширим оннан сорадым,
Ерте турыўға ант еттим,
Жуўыныўға мен кеттим.

## ҚУЎЫРШАҚ

Тур дегенде турмайды,
Бети қолын жуўмайды,
Яки кәттен түспейди,
Тамақ берсем ишпейди.

Сөйлемейди, күлмейди,
Ҳеш нәрсени билмейди,
Бирақ түри өзимдей,
Көзи мениң көзимдей.

Оны жақсы көремен,
Ойнамайды, билемен,
Бирақ бирге ойнайман,
Ойнамасқа қоймаймыз.

## ӘЖАПАМЫЗ ДӘМЕЛИ

Әжапамыз Дәмели,
Бақыра бериў хәмели:
Еден жуўсын Замийра,
Шыбын қуўсын Назийра,
Нәбийра төсек жыйнасын,
Сыпырып болып ойнасын,
Суў әкелсин Жәмийла,
Сүт әкелсин Кәмийла.
Улжан чайды қайнатсын,
Гүлжан үкесин ойнатсын.
Усылайынша буйырып,
Жумсайды бизди шыйырып,
Өзи орнынан турмайды,
Жумысқа қол урмайды,
Болсадағы апамыз,
Бул исине қапамыз.

## ҚЫЗҒАНШАҚТЫҢ КЕСИРИ

Апасы көп етип
Шар алып келди,
Биреўин үплеп,
Камалға берди.

Мақтанды шарына
Қабылды көрип,
Бирақ та шарын
Турмады берип.

Қабылдың шарға
Кеўили аўып,
Алмақшы болды,
Есабын таўып.

Бирақ та Қамал,
Бермеди шарды.
Тартысып турғанда,
Түрттиде жарды.

Суп-сулыў шары,
Жарылды қалды.
Жылап үкеси,
Байбайын салды.

Апасы келди,
Ҳәммесин көрди,
Қабылға урысып,
Тәмбисин берди.

Жылады Камал,
Жылады Кабыл,

Уялмай исине,
Жылайды несине?
Кисиге пәнт бериў,
Жақсының иси ме?

## СОНЫ ДА БИЛМЕДИҢ БЕ?

Билесең бе жаз күни,
Ғыршылдатып қар жедим,
Қар емес аў пал жедим,
Соңынан иштим сүтти,
Соның менен питти.
—Өтирик-аў, өтирик,
Кетесең гейде көпирип,
—Яқ ырас билмедиң бе?
Муз каймақ жемедиң бе?
—Ехе, түсиндим, түсиндим,
Сөзиң қызық усы дым.

## АЯП ҲӘМ ТАЎЫҚ

Сары ала таўық,
Күнде жүретуғын шаўып,
Бир аяқта тур, ҳаў,
Кетпей тур неге аўып?
Жоғалтқан бир аяғын,
Берейин оны таўып,
Деп қыйланып Аяп,
Қасына барды аяп.

Шоршып кетти таўық,
Жүгирип кетти шаўып.
Қуўанып кетти Аяп,
Жоқ аяқты таўып.

Алданғанын билди,
Билди де күлди,
Таўығына жем салып,
Қасында ойнап жүрди.

## ОРАЗ ҲӘМ ҚОРАЗ

Шакырар қораз,
Таң атты деп,
Қыйланар Ораз
Оятты деп.

Қораз араз,
Турмайды деп.
Ораз араз
Коймайды деп.

Мени урың,
Тақ-туқ,
Қатар турың,
Тақ-туқ.
Сазға қосып,
Тақ-туқ.
Айтың қосық
Тақ-туқ.
Аяқ қосып,
Тақ-туқ.
Ойнаң йошып,
Тақ-туқ.
Тақ-туқ.

## МАШИНА ҚОСЫҒЫ

Сени көрдим,
Дөт-дөт.
Сигнал бердим,
Дөт-дөт.
Жолды ашың,
Дөт-дөт.
Арман қашың,
Дөт-дөт.
Тоқтап турман,
Өт-өт.
Арғы бетке,
Жет-жет
Тағы жүрдим,
Дөт-дөт.
Кесент бермен,
Дөт-дөт.
Жолдан жүрмен,
Дөт-дөт.

## БЕЛГИСИЗ ЖАЎЫНГЕР ҚӘБИРИ

Оны ҳеш ким билмейди,
Ерлиги бирақ өлмейди.
Қәбириниң үстинде
Мәңгилик оты сөнбейди.
Зияратлайды көп адам,
Қәбириниң басына,
Үлкен, киши ийилип,
Қамсығар қайғы жасына.
Тири гүллер дәстеси,
Келип тур күнде жыйылып,
Руўхына батырдың
Турғандай мәңги сыйынып.

## ЖАРҒАНАТТЫҢ ҲИЙЛЕСИ

(*аңыз*).

Ерте, ерте, ертеде,
Аңыз сырын шертеди,
Бир жарғанат жасапты,
Ақылы дым келте еди.

Тоғай көлге таласып,
Қуслар, аңлар урысқан,
Бирин-бири жеңиўге,
Көп күш салып тырысқан,

Еки ортада жарғанат,
Керек ғой деп оңысық,
Жүрейин деп ойлады,
Еки жаққа болысып.

Еки жақтың сырларын,
Бир-бирине жеткерди,
Усылайынша ҳийлесин,
Ҳәммеден де өткерди.

Көп узамай келисим,
Болған дейди арада,
Бир қызық ис болыпты,
Бирден усы қәрада.

Аң патшасы сөз алып,
Жарғанатты мақтайды,
Қус патшасы сол гезде,
Оны сөзден тоқтатты.

—Бул жарғанат ҳийлекер,
Хызмет қылса сизге де,
Хызмет етти бизге де,
—Қуўайық,—деди екеўи.

Келмей басқа сөзге де
Жүрмесин ол арада,
Көринбесин көзге де,
Опа бермес ҳешкимге.

Бизге де ҳәм Сизге де,
Қойсын енди мазағын,
Тартсын ҳийле азабын,
Келтирди ғой аң қустың.

Ашыўы менен ғәзебин,
Қолланайық бир жаза.
Ойласып-ап өз-ара,
Я қус емес, аң емес.

Болсын бир зат дубара,
Жеркенишли ҳәммеге,
Болсын ғәрип бийшара.

Депти аң қус патшасы,
Қуслар пәрин жулыпты,
Аңлар берип тәмбисин,
Көзин соқыр қылыпты.

Еки жүзли жарғанат,
Усылайынша қуўылды,
Көзге түсип жүре алмай,
Қуўыс-қолтыққа тығылды.

Соннан берли жарғанат,
Көзге түспей буғады.
Күн батып кеш болғанда,
Мәканынан шығады.

Қосылмайды басқаға,
Ҳасла бирге жүрмейди,
Аң ба, қус па, не өзи,
Оны ҳешким билмейди.

Я қус емес, аң емес,
Еки ортада әўере,
Жасаў керек бирақ та,
Тиришиликке не даўа!

Деген яңлы жарғанат
Дүньяда жасап келеди.
Сумлығы жеткен басына,
Деп оған ел күледи.

Распа я өтирик,
Ол жағын ким биледи.
Ел аўзында усы сөз,
Аңыз болып келеди.

Ҳийлекерди, жуўҳаны,
Ел мудамы жек көрди,
Сонлықтан да оларды,
Жарғанатқа теңгерди.

## ҮКЕМ ҮЙДИҢ ЕРКЕСИ

Үкем үйдиң еркеси,
Үйимиздиң базары,
Бетинен ҳеш қақпаймыз,
Болса да азмаз ҳазары.

Оқыўдан келсе затларын
Ҳәр жерге шашып таслайды.
Шатақлығын ҳәр қыйлы,
Үкем үйде баслайды.

Бул қылығы үкемниң,
Ҳасла бизге жақпайды,
Кетеринде оқыўға,
Затларын излеп таппайды.

Усы әдетин бирақта
Ҳәммемиз жаман көремиз,
„Кишкене ғой еле"—деп,
Затларын таўып беремиз.

Ислерине үкемниң,
Биз мудамы күйемиз,
Сондадағы бәримиз,
Үкемизди сүйемиз.

Өзлеримиз ойлаймыз,
„Ислеримиз қызық" —деп.
Еркелетип үкемди,
Аламыз ғой „бузып"—деп.

## КИМ ЕДИ ОЛ?

Ғамхор болған жасыңнан,
Сыйпалаған басыңнан,
Қуўанышта, қайғыда,
Табылады қасыңнан,.
Ким еди, ол? —Билесең,
Әлбетте, ол—ата-анаң.

Мектепке дәслеп келгенде,
Қолыңа берген әлипбе.
Оқыў-жазыў үйретип,
Жан ендирген ҳәрипке,
Ким еди, ол? —Билесең,
Әлбетте, ол—устазың.

## ӨТИРИК ҚОСЫҚ

Пышықты тышқан қуўыпты,
Суўға әкелип тығыпты,
Қасқыр менен жолбарыс,
Бас саўғалап буғыпты.

Шыбынға минип арыслан,
Айға ушып кетипти.
Тасбақа минген жолбарыс,
Изинен қуўып жетипти.

Қасқырларды қоян жеп,
Бир ширенип тойыпты.

Аш көзлигин қасқырлар.
Соннан берли қойыпты,

Сексен адам жыйылып,
Бир бүргени сойыпты,
Сексен күн жеп гөш майын,
Таўыса алмай қойыпты.

Таң қалдырып дүньяны,
Бузаўбаслар сайрапты.
Озып усы жарыста,
Қурбақа алды байрақты.

## ҲӘРРЕ

Ушып жүр ҳәрре,
Тыныш тур зәрре,
Гүлге келип қонсын,

Гүлдиң нәрин сорсын.
Кейин палын жейсең,
Мазалы екен дейсең.

## АПАМНЫҢ ҚЫЗЫҚ СӨЗЛЕРИ

—Айналайын—дейди де,
Айналмайды өзимди.
Тек болғаны сүйеди,
Айналдырып көзимди.

„Аппағым“ деген сөзине,
Ҳайран қалып қарайман,

Себеби мен айнада,
Аппақ емес қараман.

„Үлкен жигит“ десе де,
Мен кишкене баламан,
Қашан өсип, ер жетип,
Үлкен жигит боламан.

## ТЕНТЕК БАЛА ОМАРДЫ

Ойнап жүрген қызларға,
Мудамы қум шашады,
Услайман десе, балалар,
Үйине қарап қашады.

Ҳәмме бала Омарды,
Қоспаймыз—дер ойынға,
„Тәмбисин—дер беремиз,
Келе ғойса қайымға“.

Усы сөзден тартынып,
Омар үйден шықпайды,
Жалғыз өзи зеригип,
Отырып тақат таппайды.

## МАЛАҚАЙ

Басымдағы малақай,
Деди де биреў „алақай“
Қағып алып тепти оны,
Болып кетти талампай.

„Бер“ десем де бермеди,
Шыбын шелли көрмеди,

Бир-бирине шыңғытып,
Балалар қызды, терледи.

Малақайға ашынып,
Азғана жылап алдымда,
Қағып алдым бир мәҳәл,
Дәрўазаға бардым да.

## КЕМПИР АПАМ

Кемпир апам дым қартайған,
Күши кетип, ҳалы тайған.
Жүрсе де ол зорға жүрер,
Жүрген жолын зорға көрер.
Сонлықтан да мени излер,
Айтар маған жыллы сөзлер.
Төсек жайын сап беремен,
Керек затын ап берермен.
Еки етпеймен айтқан сөзин,
Дейди бәрҳа: „Қарар көзим,
Сүйенишим сениң өзиң,
Қандай жақсы сениң барың,
Сен болмасаң, қыйын ҳалым,
Сенсең ғой тек ярым жаным“.
Шайын менсиз басламайды,
Ҳәргиз мени тасламайды.
Себеби мен „қарар көзи“,
Кемпир апам усы сөзи,
Менсиз қалай жүрер өзи.

## АДАСҚАН СӨЗЛЕР

Шынығыўда тапсырма,
„Жекке сөзге гәп қура“
Ойланыў жат Муратқа,
Отырмайды сорап та.

Тез-тез жазыў шәрт оған,
Оқың гәпин қураған:
„Балалар жеди аршаны,
Уста соқты алшаны.

Арасынан коянның,
Изин көрдим боянның.
Кийип алып есикти,
Жаўып кеттим етикти.

Минип алып көк сайға,
Түсип кеттим бир тайға.
Минип келип көрикти,
Муқан басты көликти.

Ешек турып шақырды,
Қызыл қораз ақырды.
Дузақ курдым күлкиге,
Батып қалдым түлкиге.

Минип алып арпаны,
Ордық барып арбаны.
Жеп қойды бала сызықты
Өширип қойдым шыжықты.

Балалар айдап шыраны
Қыз өширди шананы.
Тоқтатайық мысалды,
Тағы да бар бөтени.

Ҳәзиринше дурыслап,
Дүзетип оқың қәтени.

## ЖАҚСЫЛЫҚҚА ЖАҚСЫЛЫҚ

(*халық ертеги бойынша*)

Бурынлары ерте ўақта,
Тақтакөпир, Шымбай жақта,
Бир Айдарҳа ханлық қурған,
Пуқарасын қылған қурбан,
Бир күнлери қартайыпты,
Ақыл-ҳуўшы ортайыпты.
Бас ўәзири көпти көрген,
Былайынша ақыл берген,
„Жасарады ғарры жаның,
Ише қойсаң жастың қанын,
Бирақ болсын мазалы қан,
Таба алмаса, жазала жан".
Бул сөз оған мақул түскен,
Қуўанышта кеўили өскен.
Айдарҳа хан жарлық урған,
Ҳәмме тынлап тикке турған.
„Ким әкелсе мазалы қан,
Соған барым, мендеги жан.
Әкелсин тек жастың қанын,
Жасарады ғарры жаным".
Тынлап турды ҳәмме тынып,
Айтқан сөзин сумлық көрип,
Тынлап турды пешшелер де,
Жәбир берген пешшелерге.
Қайғырысып күнлерине,
Ҳәмме қайтты үйлерине,
Тек пешшелер ызыңласып,
Қуўанысып жымыңласып.
Мазалы қан табамыз деп,
Ҳәммелерди шағамыз деп,
Турған жерден кетти ушып,
Жоқарылап, төмен түсип,
Ҳеш тынбастан қанат қақты,
Ҳайўанларға қонды, шақты,
Бирим-бирим қанын татты,
Ҳеш биреўи емес татлы,.
Гезлессе де шаң, даўылға,
Жаўраса да сел жаўынға,
Пешшелер ҳеш қайтар емес,
„Қайтамыз"—деп айтар емес.
Қатты уйытқыған бир даўылда,
Жел ушырып келди аўылға.
Ашық турған есик көрди,
Төр бетинде бесик көрди.

Пешшелер тез үйге кирди.
Ызыңласып бираз жүрди.
Еки бети гүл-гүл жанып,
Бала ояў, уйқы қанық.
Ыз-ыз еткен затты көрип,
Үўилдейди бала күлип.
Пешше қонып, шағып турды,
Бала қаны жағып турды.
Мазалы қан тапты, тапты,
Кейин қарай ханға шапты.
Шаққан жери исип кетти,
Бала жылап шыр-шыр етти.
Шырылдаған бала сести,
Қарлығашқа келип жетти.
Қарлығаш тез ушып келди,
Пәтигинен үйге кирди.
Пешшелердиң шаққанларын,
Бала қаны жаққанларын,
Мазалы қан тапқанларын,
Енди үйине қайтқанларын,
Ҳәммесин де көзи көрди,
„Жылама"—деп ақыл берди.
Тула бойын ашыў кернеп,
Қанатларын қатты сермеп,
Қарлығаш тез ушты узақ,
Оқ жай атқан жебеге усап,
Таў-тоғайлар, дәрья-көллер,
Кейин қалды қанша еллер,
Айдарҳаның ордасына,
Сур жыланның хордасына,
Жақынлапты, аз қалыпты,
Жан-жағына көз салыпты.
Пешшелерди көрди пәсте,
Жақынлады әсте-әсте.
Пәслеп ушып қуўып жетти,
Алдамақты нийет етти.
Қанға толы қарны қызыл,
Қанды сорған мурны қызыл.
Пешшелердиң сәрдары бар,
Аўырласқан салмағы бар.
Келеди екен ортасында,
Қара сызық жотасынд ,
Жақын келип көз таслады
Былайынша сөз баслады.

„Сени көрдим, кудай берди,
Ҳеш көрмедим, сендей ерди“
Кимниң қаны мазалы екен,
Буған кимлер жазалы екен?
Айтшы маған пешше жаным,
Қуўансын тез тақсыр ханым.
Келгениңди хабарлайман,
Сүйиншисин мен алайын.“
Дегенде пешше турып,
Көкирегине қолын урып.
Мақтанышлы сезим менен,
Гезлестик қой өзиң менен,
Ханымызға айтып барың,
Қуўаныштың бул хабарын.
Көп қыйналдық излеп қанды,
Көп қыйнадық шийрин жанды.
Мазалы қан ақыр таптық,
Кейин қарай ханға шаптық.
Шийрин екен бала қаны,
Жасарады ханның жаны.
Бул қанымыз ханға дәри,
Ҳайран қалып елдиң бәри,
Хызметимизге басын ийсин,
Қарсы алсын, елди жыйсын,.
Тойды қылсын, малды сойсын.
Бас ўәзирге мени қойсын,
Хабарын бер тезден барып,
Сен де қуўан сүйинши алып:“
Деди дағы сәрдар пешше,
— Жол жүрдик қой неше-неше,
Киятырмыз қатты шаршап,
Кең сарайда бир дем алсақ.
Алсақ кәне, қанға тойып,
Басқа ислердиң бәрин қойып“
Дегенинде сәрдар күлип,
Алды бирден тилин жулып,
Сақаў болып сәрдар қалды,
Қалғанларын қырып салды.
Сәрдар келди ханға таман,
Ыз-ыз етер сести жаман.
Сөзине хан түсинбеди,
„Тыңлайтуғын кисим бе еди,?
Қуўың—деди буны арман“
Ашыўланып берди пәрман.
„Ким де болса тилин жулған,
Қарлығаштан еттим гүман.
Қарлығашты алып келиң,
Торға мықлап салып келиң“.

Қарлығашты алып келди,
Қалың торға салып келди.
„Жуўап бергил, кәне?—деди,
„Сеннен келген бәле“—деди.
„Тақсыр, ханым, сөзге исен,
„Жолда деди — сөйлестим мен.
Ийтбалықтың қаны таза,
Тек сонда бар деди маза“
Жыйнап алып көп халықты,
Алып келди ийтбалықты.
Қанын татып көрди сонда,
Қандай маза болсын онда.
„Қыраман деп қалдырмай жан,
Кәҳәрленди Айдарҳа хан.
„Усы бәле сеннен болды,
Деди дағы салды қолды.
Қарлығаш та бирден састы,
Есик бетке тура қашты.
Қарлығашты қуўды бәри,
Алыс-жулыс ушты пәри,
Қуйрығынан басып қалды,
күтпегенде сасып қалды.
Бар пәт пенен алға ушты,
Өзи дағы екен күшли.
Қуйрығының ушы қалды,
Өзинде тек мушы қалды.
Соннан қуйрық айыр болды,
Бирақ ақыры қайыр болды.
Соннан берли балалар да,
Көп балалы аналар да,
„Дос екен“—деп қарлығашты,
Көрген гезде қушақ ашты.

—II—

Жыл артынан жыллар өтти,
Айдарҳа хан ҳәлсирепти
Қарлығаштың берген пәнти,
Өлиминиң болып бәнти.
Көз алдынан кетпей қойды,
Ашыў кернеп тула-бойды,
Ыза отына күйди-жанды,
Ғаррылықта қыйнап-жанды,
Сарайынан шықты өзи,
Жарқ-журқ етип еки көзи,
Қарлығашты излеп кетти,
Усламақты нийет етти,
Басып өтти талай жерди

Тамшылатып ашшы терди,
Күн артынан күнлер өтти,
Ай артынан айлар жетти.
Таба алмады қарлығашты,
Айдарханың түси қашты.
Сонда да ол алға басты,
Писент етпей тауды, тасты.
Қарлығаштан жоқ дур дерек,
Ай тур көкте болып шөрек,
Айдарханың қарны ашты,
Гүдер үзип, қайғы басты.
Енди қайтпақ болғанында,
Қайтайын деп турғанында,
Мынаң қара қызық исти,
Байтерекке көзи түсти.
Көп жасаған болыў керек.
Төбеси тур көкти тиреп,
Айдарҳа да келди жетип,
Дәрья-көлди кешип өтип,
Жатып бираз демин алды,
Байтерекке көзин салды.
Қалың жарпақ арасында
Бир уяны көзи шалды,
Кепкен ернин жалап алды.
Жас палапан ийиси келди,
Қәне, оны жесең енди.
Деген қыял кетти шалқып,
Қуўаныштан бойы балқып.
Палапанлар шыр-шыр етти,
Байтерек те дир-дир етти.
Палапанның зарлы сести.
Сап ҳаўаны мумдай кести.
Жақсылықты жаста көрген,
Батыр бала анда жүрген.
Сарп етиўге барлық күшин,
Таяр еди жәрдем ушын.
„Жәрдем бериң, жәрдем бериң,
Ҳалымызды келип көриң.
Келмесеңлер, көрмесеңлер,
Жәрдем бизге бермесеңлер,
Айдарҳадай залым бизди,
Жеп қояды“—деген сөзди.
Еситти де емис-емис,
Солай қарай етти жүрис,
Тау-тоғайды асып өтти.
Көп жерлерди басып өтти.
Байтеректи көзи шалды,
Демде оған жетип қалды.

Айдарҳаны көрди көзи,
Нөкери жоқ жалғыз өзи.
Байтерекке тур асылып,
Жылжымақта шыйратылып.
Бар пәт пенен пәнже урған,
Ҳәр урғанда дауыл турған.
Айдарҳаны ауырсынған,
Путақлары шырт-шырт сынған.
Байтерек тур дир-дир етип,
Палапанлар зир-зир етип,
Шырылдайды қорқып қатты,
Балаға бул жаман батты.
Әне, айдарҳа жетип қапты,
Уяға енди қолын сапты.
Шыдай алмай буны көрип,
Қәҳәрине қатты минип,
Бақырады кеп қыядан:
„Қолынды тарт, сен уядан“
Ким екен бақырған деп,—
Айдарҳа да жалт қараған.
Жаңғырткан бул кең даланы,
Көрди көзи бир баланы.
Ашыўланып аўзын ашты.
Жалын төгип, отлар шашты,
Дөгеректи жалын шарпып,
Жер өртенди, таслар балқып,
Айдарханың қәҳәринен,
Отлы жалын зәҳәринен,
Күн тутылып, дауыл турды,
От жарқылдап ойын қурды,
Сескенбеди батыр бала,
Өртенсе де тоғай, дала,
Оқларының бирин алды,
Оқ жайына оны салды,
Батыр бала мерген еди,
Дәл тийгизип жүрген еди.
Атты гөзлеп бас бетинен,
Түсти Айдарҳа ет бетинен,
Айдарҳа хан жатыр сулап,
Палапанлар кетти қулап,
Сондадағы қалды аман,
Қуласа да қатты жаман.
Батыр бала көрди барып,
Палапанды қолына алып,
„Жыламаң“ деп турды күлип.
Дос екенин енди билип,
Палапанлар шад боп қалды,
Жас батырды ортаға алды.

Алғыслады ҳүрмет етип,
Қарлығаш та келди жетип,
Изден қалмай қуўып жүрген,
Сарайында азап берген,
Қарлығашты таўып келген,
Айдарҳаны көрди өлген,
Уясы жоқ, қулап қалған
Балалары бирақ аман.
Батыр бала деди оған:
Жай беремен үйден саған.
Балаларың өзиңди аман,
Сақлайман мен исен маған".
Балаларын батыр бала,
Қолына алып әсте ғана
Ҳүрмет пенен алып жүрди,
Қарлығашта изине ерди.
Қарлығаш көп ойға талды,
Өткен исти есине алды.
Мен жақсылық еткен бала,
Өзим жоқта болды пана,
Дослық деген усы екен ғой.
Адам деген дос екен ғой.
Қарлығаш та соннан берли,
Дос тутады қалың елди.
Адамийзат болса қайда,
Уясы сол мәкан жайда.
Жақсылыққа жақсылық бар,
Жаўызларға бул дүнья тар,
Жақсылыққа дүнья толы,
Жақсылардың болсын жолы,
Жақсылық ҳәм дослық ғана,
Жақсыларға болсын пана. . .
Буннан бираз ертеректе,
Өзиңдей жас киширекте,
Бул ертекти апам маған,
Айтып еди, айттым саған,
Ертегимде болды тамам,
Көрискенше болың аман.

## МАЗМУНЫ

### *Гүрриңлер*


Сен кимниң қызысаң . . . . .
Қызғаншақ . . . . . . . . . . . . 8
Нанның усағы . . . . . . . . . . . . 3
Пышықтың баласы . . . . . . . . . . . . 4
Жаўын жаўғанда . . . . . . . . . . . . 4
Жақсылықтың үлкен кишиси болмайды . . . . . . 6
Топ ҳәм шар (*ертек*) . . . . . . . . . . 6
Өрмекши ҳәм наўқан қурт (*ертек*) . . . . . . . 8
Тамыр ҳәм жапырақ (*ертек*) . . . . . . . . 8
Жумбақлар . . . . . . . . . . . . 9
Лингвистикалық жумбақлар . . . . . . . . . 10
Мен емес . . . . . . . . . . . . 19
Әдепли жас әўладпыз . . . . . . . . . . 21
Пайғазы . . . . . . . . . . . . 21
Ана . . . . . . . . . . . . 23
Мурат ҳәм сүўрет . . . . . . . . . . 23
Барсам ҳәрре урады . . . . . . . . . . 23
Жасырынбақ ойнайық . . . . . . . . . . 23
Ким түрткен . . . . . . . . . . . . 24
Қуўыршақ . . . . . . . . . . . . 24
Әжапамыз Дәмели . . . . . . . . . . 24
Қызғаншақтың кесири . . . . . . . . . . 24
Соны да билмедиң бе? . . . . . . . . . . 25
Аяп ҳәм таўық . . . . . . . . . . . . 25
Ораз ҳәм қораз . . . . . . . . . . . . 25
Дәптиң, сөзи машина қосығы . . . . . . . . 25
Белгисиз жаўынгер қәбири . . . . . . . . . 26
Жарғанаттың ҳийлеси (*аңыз*) . . . . . . . . 26
Үкем үйдиң еркеси . . . . . . . . . . 26
Ким еди ол? . . . . . . . . . . . . 27
Өтирик қосық . . . . . . . . . . . . 28
Ҳәрре . . . . . . . . . . . . 28
Апамның қызық сөзлери . . . . . . . . . . 28
Тентек бала Омарды . . . . . . . . . . 28
Малақай . . . . . . . . . . . . 28
Кемпир апам . . . . . . . . . . . . 29
Адасқан сөзлер . . . . . . . . . . . . 29
Жақсылыққа жақсылық (*ертек*) . . . . . . . . 29
30

Жумырбай Қайырбаев

СЕН КИМНИҢ ҚЫЗЫСАҢ?

(*гүрриңлер, жумбақлар, қосықлар, ертеклер*)

қарақалпақ тилинде

„Қарақалпақстан“ баспасы

Нөкис—1996

11097
32.

Редакторы:—*Г. Муртазаева.*
Художниги:—*И. Кыдыров.*
Худ. редакторы:— *У. Ережепов*
Тех. редакторы:— *Г Ақназарова*
Корректоры — *Г Турымова*

ИБ № 1874

Териўге берилген ўақты 10. 04. 1996 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 25. 0.6 1996 ж. Қағаз форматы 70х90 1/16 Әдебий гарнитура. Кегль 10. Көлеми 2,25 б т, 2,63 шәртли б. т. 2,04 есап баспа табақ. Жәми 3000 нусқа. Буйыртпа №220 Бақасы 29 сўм 40 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. 742000. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, №9 жай.

Қ. Р. Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. Нөкис қаласы, 742000. Қарақалпақстан көшеси, №9 жай.

